

DWA ANPLWAYE SOU PWOGRAM H-2A AN

DIVIZYON SALÈ AK ORÈ NAN DEPATMAN TRAVAY ETAZINI A

Lwa Imigrasyon ak Nasyonalite a (INA) pèmèt travayè tanporè nan agrikilti ki pa imigran yo (TRAVAYÈ H-2A YO) travay sèlman si li pap genyen yon move enpak sou travay travayè ameriken yo. Pou asire ke sa pa genyen yon move enpak sou travayè ameriken yo, **TRAVAYÈ H-2A yo ak LÒT TRAVAYÈ yo anplwaye sou yon kontra travay H-2A oubyen yon anplwaye H-2A nan menm travay agrikilti ak travayè H2-A a** genyen dwa sa yo :

PIBLIKASYON

- Pou resevwa **ENFÒMASYON EKRI** ki egzakt sou salè, orè, kondisyon travay, ak avantaj yo ofri nan travay
- Pou resevwa enfòmasyon sa a avan ou resevwa viza a epi pa pita pase premye jou travay la
- Pou resevwa enfòmasyon sa a nan yon lang travayè a konprann

SALÈ

- Pou **TOUCHE** omwen de fwa pa mwa ak pri ki te ekri nan kontra travay la
- Pou resevwa enfòmasyon, pa ekri, de tout **DEDIKSYON** (ki pa egziye pa la lwa otreman) ke yo pral fè sou chèk travayè a
- Pou resevwa yon **YON ATESTASYON LAJAN TOUCHE** (sous chèk) ki detaye, ekri chak peryòd touche
- Pou garanti travay pou omwen **TWA-KA** (75%) total èdtan yo pwomèt nan kontra travay la

TRANSPÒTASYON

- Pou yo bay oubyen, lè 50 pousan travay nan peryòd kontra a fini, ranbouse pou frè rezonab ki fèt pou transpòtasyon ak manje chak jou nan travay la
- Lè kontra travay la fini, pou resevwa oubyen touche pou tranpòtasyon pou retounen ak manje pou chak jou
- Pou travayè k ap viv nan yon lojman anplwayè jwenn **TRANSPÒTASYON**, gratis pou ant lojman an ak sit travay la
- Tout transpòtasyon anplwayè yo bay dwe satisfè standa sekirite yo, dwe genyen asirans ki apwopriye, epi se chofè ki gen lisans ki pou kondwi yo

LOJMAN

- Pou nenpòt travayè ki pa kapab retounen lakay li menm jou a pou yon rezon valab, yo dwe bay li **LOJMAN GRATIS**
- Lojman anplwayè yo bay dwe satisfè standa sekirite yo
- Travayè ki abite nan lojman anplwayè bay la dwe resevwa twa repa pa jou epi li pa dwe pi chè pase pri Depatman Travay la spesifye, oubyen bay yon kote ki gratis ak pratik pou li fè manje

PLIS PWOVIZYON

- Pou resevwa asirans **AKSIDAN TRAVAY** eta oubyen sa ki egal a li
- Pou bay tout **ZOUTI**, atik ak ekipman ki nesesè, gratis, pou fè travay yo bay fè yo
- **POU YO PA KA FÈ DISKRIMINASYON KONT OU** oubyen revoke w paske w pote plent, bay temwayaj, oubyen egzèse dwa ou yo nenpòt fason oubyen paske ou te ede lòt moun fè sa
- Anplwayè yo DWE konfòme yo a tout lòt lwa ki aplikab yo (tankou entèdiksyon kont kenbe paspò ak lòt dokiman imigrasyon travayè yo)
- Anplwayè ak ajan yo PA DWE resevwa lajan nan men okenn travayè pou okenn frè pou yo ka jwenn sètifikasyon H-2A (tankou frè aplikasyon ak rekritman)
- Anplwayè yo DWE mete fich sa a kote anplwaye yo kapab wè li byen
- Anplwayè yo PA DWE voye travayè ameriken k ap fè jan te travay sa yo ale oubyen deplase yo avan 60 jou de dat yo bezwen travayè H-2A yo
- Anplwayè yo DWE anplwaye nenpòt travayè ameriken elijib ki aplike pandan premye 50 pousan peryòd kontra travay apwouve a

Travayè yo ki kwè ke yo te vyole dwa yo sou pwogram nan kapab pote plent konfidyansyèl.



Pou plis enfòmasyon :

1-866-4-USWAGE
(1-866-487-9243) TTY: 1-877-889-5627



WWW.WAGEHOUR.DOL.GOV

U.S. Department of Labor
Divizyon Salè ak Orè nan

Wage and Hour Division
Depatman Travay Etazini a

WHD 1490 fevriye 2010